

# Konprann COVID long lan

Nenpòt moun ki te gen COVID-19 kapab afekte. **COVID long la dekri efè alontèm enfeksyon yo, ki enkli sentom ki kapab dire pou plizyè semèn oubyen mwa aprè moun nan fin enfekte pa viris COVID-19 la.**

## PALE DIRÈK SOU COVID-19

### Sa ou dwe konnen

- Moun ki te rive enfekte pa COVID-19, **menm san divès sentom**, ta kapab atrape COVID long.
- Si ou panse ou genyen COVID long, **pale avèk founisè swen sante ou**.
- Syantifik yo ap aprann plis sou moun ki pwobab pou atrape COVID long, konbyen tan sentom long yo dire, ak **kòman pou trete pasyan yo**.

### Sentom COVID yo

Moun ki gen COVID long yo gen yon varyete sentom, ki kapab enkli:

- Kò kraze oubyen fatig
- Difikilte pou reflechi oubyen konsantre (“bwouya serebral”)
- Tèt fè mal
- Pèt odè oubyen savè
- Kè k’ap bat fò oubyen rapid
- Doulè nan pwatrin
- Difikilte pou respire oubyen souf kout
- Efè sante mantal

**PRAN VAKSEN** pou COVID-19 kapab **anpeche ospitalizasyon ak maladi grav**, ki enkli COVID long, sitou si ou pa t gentan enfekte. Si ou te gentan gen COVID-19, pale avèk founisè swen sante ou sou lè li san danje pou ou vaksinen.

**Pran vaksen ou GRATIS!**